



Pou Piblikasyon Imedya: 17/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE EKIP JESYON ENSIDAN ETA NEW YORK LA
APRE DEMANN COMMONWEALTH KENTUCKY APRE TÒNAD MÒTÈL YO**

Ekip Jesyon Ijans Entè-ajans Eta New York la ap deplwaye nan Kentucky wikenn sa, avèk misyon pou sipòte sant operasyon ijans aktif yo nan twa konte

Ekip la defini pou deplwaye samdi 18 desanm, pandan peryòd operasyonèl de semèn

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a New York ap deplwaye yon Ekip Jesyon Ensidan Eta a pou sipòte operasyon rekiperasyon aktyèl yo nan Kentucky apre tanpèt mètèl yo nan wikenn pase a. IMT Eta a se yon resous yo konsevwa pou ede jesyonè ijans yo pou yo ka garanti repons rapid, efikas ak òganize pou lè gen katastwòf konplèks, milti-operasyonèl yo. Yo vini ak anpil fòmasyon ak eksperyans nan Sistèm Kòmand Ensidan an (Incident Command System), ki gen ladan aktivite kòmand ak kontwòl, planifikasyon, lojistik ak fonksyon administratif yo. Sou demann Kentucky, ekip la ap deplwaye pou sipòte twa nan sant operasyon ijans konte eta a, espesyalman Konte Graves, Hopkins ak Marshall.

"Kèlkeswa pòte oswa gwosè yon katastwòf, Nouyòkè yo ap toujou la pou ede zanmi ak vwazen nou yo nan moman bezwen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspè jesyon ensidan klas mondyal nou yo te wè tout bagay epi yo pare pou yo sipòte patnè nou yo nan Kentucky nan nenpòt fason yo kapab. Mwen trè fyè pou chak manm nan ekip sa epi remèsye yo dèske yo toujou la pou ede kominote yo rekiperere pandan moman ki pi difisil yo".

IMT Eta a gen ladan pèsònèl ajans ki soti nan Divizyon Sekirite Tèritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Lapolis Eta (NYS), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmatrik (Information Technology Services, ITS), ak Otorite Thruway (Thruway Authority) ak Lapolis Pak. Plizyè ajans lokal kontribiye tou nan pèsònèl pou ekip yo, sa gen ladan Biwo Cherif Konte Erie ak Jesyon Ijans Konte Montgomery.

IMT a pral responsab pou l ede fonksyonèl lokal ak eta yo nan planifikasyon rekiperasyon inisyèl, kowòdinasyon operasyonèl; jwenn enfòmasyon sou sitiyasyon

tèren an ak bay rapò; planifikasyon mezi kont ensidan yo, konfigirasyon Sistèm Enfòmasyon Jewografik (GIS) ak sipò lojistik pou operasyon repons ki ankou deja yo.

Komisè pa Enterim DSHES, Jackie Bray, te deklare, "Ekip Jesyon Ensidan Eta a pral reprezante pi bon pèsònèl ijans New York nan Kentucky epi mwen rekonesan pou aksyon dezenterese ak dedikasyon yo pou ede lòt yo, espesyalman pandan sezon fèt la kote yo pral lwen fanmi yo. Mwen voye panse mwen bay moun Kentucky yo epi mwen espere sipò siplemantè sa a pral ede kominote ki afekte yo rekipere anba katastwòf sa a".

Ekip Jesyon Ensidan Eta New York la, ki gen ladan pèsònèl nan kòmann lan, ansanm ak seksyon planifikasyon, lojistik, operasyon ak finans yo, pral deplase samdi 18 desanm epi ap kòmanse prezante nan travay nan dimanch 19 samdi. Yo pral operasyonèl pandan 14 jou anvan yo retounen lakay yo nan dimanch 2 janvyè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418